

Kijan pou w fè yon tè s pou COVID-19

avèk QuickVue At-Home OTC COVID-19 Test

ENFÒMASYON JENERAL

Sa se yon gid senp pou twous QuickVue At-Home OTC COVID-19 Test. Pou enfòmasyon konplè, gade tanpri nan **fich machasuiv** la epi nan **fich ransèyman** an ki nan twous la. Pwodui sa a gen otorizasyon FDA pou itilizasyon nan ijans.




Pou yon videyo sou kijan pou fè tè s la, gade nan quickvueathome.com/#video_testkit-2

KISA W AP JWENN NAN TWOUS LA?
Epwouvèt ki ranpli alavans
Sipò pou epwouvèt
Tij eponj
Ribon pou tè s
Fich machasuiv
Fich ransèyman

KISA LÒT W AP BEZWEN?

Mont oubyen kwonomèt (pa nan twous la)
Li trèzenpòtan pou suiv lè egzak la pou tè s sa a.



POU KÒMANSE TÈS LA


Lave men w epi mete twous la sou yon sifas **plat ki pwòp**. Nan sal kote w ye a, asire gen **ase limyè pou wè**. Si w ap fè yon tè s pou yon lòt moun, se pou w mete yon **mask sou figi w**. Louvri twous la epi asire tout bagay ki make anlè a la nan twous la. **Pran kwonomèt oubyen mont ou an epi suiv machasuiv etap yo ki sou lòt bò a.**



Pou fè tè la

1


Wete bouchon an sou youn nan epwouvèt yo epi mete l nan sipò pou epwouvèt la.



PINGA MANYEN TÈT TIJ EPONJ LAN.


2

Kale retire anbalaj la sou tij eponj lan. Pinga manyen tèt tij eponj lan.




3

Mete tij eponj lan apeprè ant ½ a ¾ pou nan youn nan twou nen an epi fwote l sou tout andedan pawa twou nen an pandan omwen 4 fwa. **Avèk menm tij eponj lan**, refè menm bagay la nan lòt twou nen an. L ap pran apeprè 15 segonn.




4

Tousuit apre w fin pran echantiyon an nan twou nen an, mete tij eponj lan nan epwouvèt ki louvri a. Asire tij eponj lan manyen fon epwouvèt la. Vire tij eponj lan 3 oubyen 4 fwa.




5

Kite tij eponj lan nan epwouvèt la pandan **omwen 1 minit**. (Itilize kwonomèt oubyen mont) Gendwa gen move rezilta si w kite tij eponj lan pou twò piti tan oubyen pou twòp tan.



6

Apre 1 minit, wete soti tij eponj lan nan epwouvèt la, **fwote tij eponj lan kont pawa epwouvèt la pou peze soti tout likid ki posib**. Jete tij eponj lan.




7

Louvri pòch riban tè la epi mete riban tè la nan epwouvèt ki louvri a **avèk pwent flèch yo sou anba**. Kite riban tè la nan epwouvèt la pandan **10 minit**. (Itilize kwonomèt oubyen mont)




Kite riban pou tè la la pou omwen 10 minit.




8

Apre 10 minit, wete soti riban tè la nan epwouvèt la epi mete li sou yon sifas plat avèk ase limyè pou w wè. **Li riban tè la soulechan!** Ou gendwa gen yon move rezilta si w tann plis pase 5 minit pou w li riban tè la.



Pou li rezilta tè ou fè a

Gen 3 kalite rezilta ki posib pou tè la : **Pozitif, negatif, epi enkòrèk**, yon tè ki pa ka sèvi.



REZILTA KI POZITIF = 1 liy woz + 1 liy ble
Li **pwobab** pou w gen COVID-19. **Se pou w izole tèt ou**. Si w gen sentòm ki jennen w oubyen ki ba w enkyetman, se pou w kominike avèk doktè k ap suiv ou a.



REZILTA KI NEGATIF = 1 liy ble
Li **pa pwobab** pou w gen COVID-19. Men si w gen sentòm ki jennen w oubyen ki ba w enkyetman, se pou w kominike avèk doktè k ap suiv ou a.



REZILTA KI ENKÒRÈK = 1 liy woz oubyen **PYÈS liy**
Se pou w **refè yon nouvo tè**. Rekòmanse ankò depi nan kòmansman an avèk yon nouvo epwouvèt, tij eponj, epi riban pou tè. Si w gen 2 rezilta ki enkòrèk, sonnen 1-833-784-2588.